

Nimewo 4.11

## D E K R È E G Z E K I T I F

### **Kontinye Deklarasyon Ijans pou Katastwòf nan tout Eta a akòz mank nan pèsonèl pou swen sante nan Eta New York**

**KONSIDERE KE**, gen mank pèsonèl nan lopital ak nan lòt etablisman swen sante epi yo prevwa sa ap kontinye;

**KONSIDERE KE**, gwo mank pèsonèl nan lopital yo ak lòt sant swen sante yo ta dwe afekte kapasite pou kontinye bay swen enpòtan ak pou byen sèvi popilasyon vilnerab yo;

**KONSIDERE KE**, gen yon nesesite imeda ak enpòtan pou konplete kantite pèsonèl la pou asire sant swen sante yo kapab bay swen;

**KIDONK KOUNYE A**, mwen menm, Kathy Hochul, Gouvènè Eta New York, konfòmeman ak otorite Konstitisyon Eta New York la ak Seksyon 28 Atik 2-B Lwa Egzekitif la te konfyé mwen, avèk dokiman sa a, pwolonje eta dijans akoz katastwòf jan sa deklare nan Dekrè Egzekitif Nimewo 4 la, jan sa kontinye nan Dekrè Egzekitif 4.10 la, epi kontinye kenbe anvigè tèm, kondisyon, ak sispansyon yo ki nan Dekrè Egzekitif Nimewo 4 ak siksesè li yo jiska 28 out 2022.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Leta a nan Vil

Albany, nan venynevyèm jou nan mwa

jiyè nan lane de mil vennde.

**SOU LÒD GOUVÈNÈ A**

Sekretè Gouvènè a